



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO NOMINASYON NAN TÈT BIWO JESYON KANABIS LA

*Moun ki nonmen yo pou dirije yon revizyon operasyonèl nan OCM epi aplike rekòmandasyon ki soti nan rapò gwoup travay*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a twa nouvo nominasyon nan tèt Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) la, yon pati nan yon gwo revizyon operasyon ajans lan te lanse mwa pase a. Nominasyon sa yo, enkli Felicia A. B. Reid kòm Direktè Egzekitif Adjwen ak Direktè Egzekitif Enterimè, mete anplas yon ekip lidèchip ki pral mete sou pye chanjman pou mete fen nan blokaj aplikan pou lisans yo, amelyore kominikasyon avèk aplikan yo ak lisansye yo, epi reyafime angajman ajans lan nan objektif ekite sosyal kodifye yo nan Lwa sou Règleman Marigwana ak Taks.

"Mwen pran angajman pou mwen asire mache kanabis ki alatèt nan New York la kontinye pwospere," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk nouvo moun ki nonmen sa yo, Biwo Jesyon Kanabis la pral kontinye konsantre sou elaji mache ki pi ekitab pou granmoun nan nasyon an pandan yo ap goumen ak magazen ki pa legal yo."

Gouvènè a te anonse tou yon rechèch nan tout peyi a pou yon Direktè Egzekitif pèmanan OCM pou dirije ajans la pandan li ap travay pou devlope ak sipòte mache kanabis legal ki pi divès ak ekitab nan peyi a. Biwo Nominasyon Gouvènè a pral travay avèk yon konpayi rekritman ki gen eksperyans pou idantifye kandida ki kalifye atravè eta a ak peyi a.

**Felicia A. B. Reid** te nonmen **Direktè Egzekitif Adjwen ak Direktè Egzekitif Enterimè.** Nan wòl sa a, Felicia pral sipèvize gwo fonksyon operasyonèl ak regilasyon biwo a ki enkli lisans, konfòmite ak aplikasyon lalwa. Li pral jere aplikasyon rekòmandasyon Ekip Evalyasyon OCM yo an patenarya ak dirijan ak anplwaye OCM.

Felicia gen plis pase yon deseni eksperyans nan gouvènman Eta epi li te pase sis dènye lane yo nan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi, ki enkli ap sipèvize nan tout eta operasyon jistis jivenil kòm Komisè Adjwen. Li jwenn admisyon nan Asosyasyon Bawo Eta New York epi li gen yon diplòm dwa nan New York Law School. Li gen tou yon diplòm lisans nan Fordham University.

**Direktè Egzekitif Adjwen ak Direktè Egzekitif Enterimè Biwo Jesyon Kanabis Felicia A. B. Reid, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou mwen travay avèk tout moun nan OCM ak patnè nou yo atravè eta a pou m elaji travay ajans lan, konstwi pi bon pratik entèn ak ekstèn, epi konsantre sou fè endistri Kanabis New York la youn ki satisfè bezwen ti biznis ak konsomatè yo. Kanabis se yon gwo opòtinite pou eta nou an, epi OCM oblije asire travay li fè opòtinite sa yo aksesib, transparan, epi reponn ak mouvman endistri a ak tandans yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou opòtinite sa a epi mwen vle fè travay la ak ekite kòm pwèn santral nan chemen OCM alavni".

**Susan Filburn** te nonmen **Ofisye administratif anchèf.** Nouvo pòs sa a pral konsantre sou estabilize ak fòmalize fonksyon administratif ajans lan pou sipòte operasyon lisans, konfòmite ak aplikasyon lalwa. Li pral travay nan tèt kole ak ekip lisans ak teknoloji pou mete sou pye amelyorasyon pwosesis pou senplifye pwosesis revizyon lisans lan epi amelyore repons.

Susan gen plis pase 20 lane eksperyans nan gouvènman Eta a, ki enkli kat dènye lane yo kòm Komisè Adjwen pou Sekirite Travay nan Depatman Travay. Susan se yon Veteran Lame Ameriken ki te sèvi nan plizyè kote kòm yon Ofisye Avyasyon. Susan gen yon Metriz nan Administrasyon Piblik nan Syracuse University Maxwell School, ansanm ak yon Lisans nan Syans nan Akademi Militè Etazini nan West Point.

**Jessica Woolford** te jwenn pwomosyon pou pòs **Direktè Afè Ekstèn,** Nan wòl sa, li pral asire kominikasyon ak angajman kominote a jwenn priyorite pandan ajans lan ap mete sou pye chanjman transfòmasyon. Li pral konstwi tou premye ekip sèvis kliyan ajans lan pou bay aplikan yo, lisansye yo ak konsomatè yo transparans sou pwosesis ajans lan ak sou mache a.

Jessica te deja sèvi kòm Direktè Kominikasyon nan OCM epi li te dirije kominikasyon ekstèn ajans lan avèk konpetans atravè tranzisyon difisil pandan nèf dènye mwa yo. Li gen plis pase yon deseni eksperyans nan travay nan gouvènman an ak pou òganizasyon jistis sosyal, epi li gen yon diplòm lisans nan Williams College nan Istwa ak yon konsantrasyon nan Etid Afriken.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)